# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# उड़ाऊ बेटा



लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Lazarus
अनुकूलित: Ruth Klassen; Sarah S.
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2015 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



यीशु के परमेश्वर की क्षमा की बारे में
लोगन के बतावल बहुत प्रिय लागत रहल।
लेकिन यहूदी अगुवा लोग उनकर पापी
लोगन की संगे रहला की बारे में अउर
उनकर दोस्ती की बारे में शिकायत
कइलें। तब यीशु उन लोगन के
तीन गो कहानी बतवलें जेवना
से पता चलेला कि जब कवनो
पापी अपनी पापन की खातिर
पछतालें तब परमेश्वर
उनसे खुश होखे लें।

पहिला कहानी सौ भेड़ वाला एगो चरवाहा क रहल। एगो भेड़ भुला गइल।



फ़ौरन उ चरवाहा निन्यानबे भेड़न के छोड़ के ओ एगो के जोहे की खातिर निकल पड़लन।



चरवाहा खोजत रहलन जबतक की उ भेड़ मिल ना गोइल। फिर उ आनंद से ओके अपनी कान्ही पर रख के घरे ले अइलन। उ अपनी दोस्तन से कहलन, "हमरी संगे आनन्द मनावअ जा!

जेवन हमार भेड़ भुला गइल रहलि हअ अब उ मिल गइल बा।"

यीशु समझवलन, एगो
पापी की पश्चाताप पर
स्वर्ग में बड़ा खुशी अउर
आनंद होखे ला। पश्चाताप
क मतलब अपनी पापन
की खातिर खेदित भइल
अउर ओ के छोड़ला
खातिर कठोर
निर्णय लीहल!





'अगिला कहानी चांदी की दस सिक्कन वाली एगो महिला क हअ, शायद उ ओकरी पूरा जीवन क बचत रहल। एगो अभागिन बात घटित भइल; उनकर एगो सिक्का भुला गइल।

झाड़ू लगा, लगा के! महिला हर जगह खोजली। अंत में उ भुलाईल सिक्का मिल गइल। उ बेहद खुश भइली। का आप अनुमान लगा सकीं लां उ का कइले होइहन? हँअ, उ अपनी सब दोस्तन के बतवली!





फिर यीशु
समझवलन,
एगो पापी के
पश्चाताप पर
स्वर्ग में
स्वर्गदूतन की
उपस्थिति में
बड़ा खुशी अउर
आनंद होखे ला।

यीशु जी तीसरका कहानी बतवलन;
उ सबसे दुखद रहे। उ एगो लइका
की बारे में रहल; जेवन अपनी
बाबूजी की घर के छोड़ के
चल गइल रहल।



एगो बिरान देश में लइका मूर्खता पूर्वक अपनी पइसा के खर्च कर दिहलस। अब उ का करी? एगो आकाल पड़ल, अउर मामला बदतर हो गइल। लइका भूख से मरे लागल।



भूख से मायूस, लइका के सूअर चरावे क एगो नौकरी मिलल। लेकिन ओ के केहु भी ना खियावल। तब ऊ सूअरन क छोड़ल खाना खाये लागल। हँअ ऊ अइसने कइलन! अंत में, लइका के होश आइल। ऊ सोचलस, "हमरी बाबूजी की घर में सेवक भी ए से बढ़ियाँ खाना खालें।"





"हम वापस घर जाइब अउर अपनी पापन की खातिर अपनी पिता जी से क्षमा मांगब। हम अब उनकर बेटा कहाये लायक त ना बानी। पर आशा रखत बानी कि उ हमके एगो नौकर की रूप में रख लीहन।"

लड़का अभी घर से दूर ही रहल कि, लड़का क बाबू जी उनके आवत देख के पहिचान लिहलन। आनंद से, पिताजी अपनी लौटत बेटा की ओर दउर गलन। उ लड़का के खूब चूमा दिहलन, अउर ओ के गले लगवलन।





"पिता जी, हम आपकी बिरुद्ध में पाप कइले बानी। हम अब आपकअ बेटा कहाये लायक ना बानी। "लइका अपनी बाबू जी से पूछल चाहत रहल की उ उनके एगो नौकर की रूप में रख लेंव। लेकिन पिता जी बाधित करते कहलन। सबसे बढ़ियाँ वाला चोंगा, पावं क जूती, अउर हमरी बेटा की खातिर एगो अंगूठी ले आवअ अउर एगो बड़ पार्टी क तयारी करअ जा।"

एगो अद्भुत पार्टी कइलन काँहे से कि भुलाईल बेटा मिल गइल रहे। यीशु ए कहानी के ए खातिर बतवलन काँहे से कि ई पश्चाताप करे वालन अउर प्रभु की पास वापस आवे वालन पापियन की प्रति परमेश्वर क प्रेम के देखावत रहल।



उड़ाऊ बेटा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 15

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले,
जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हउ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हउ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16